



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CHWA YON PATENARYA ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF POU TRANSFÒME SIT 1024 FULTON STREET KE LETA POSEDE NAN BROOKLYN AN YON DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI GEN 125 INITE**

*Devlopman an pral transfòme yon sit eta ki pa twò itilize nan Clinton Hill an 125 kay abòdab ak yon sant kominotè entèjenerasyonèl ak yon klinik sante ki mezire 2,601 mètr kare*

*Pwojè ki posede 100 pousan pa òganizasyon san bi likratif la reponn dirèkteman ak priyorite kominote a idantifye atravè yon pwosesis angajman piblik konplè*

*Baze sou angajman Gouvènè Hochul pou adrese kriz lojman an epi itilize tè Eta pou ogmante kantite lojman ki disponib*

*Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a chwa yon patenarya devlopman san bi likratif pou transfòme tè leta a nan 1024 Fulton Street nan katye Clinton Hill nan Brooklyn an yon devlopman lojman 100 pousan abòdab pou itilizasyon mik. Pwopozisyon an, ki te chwazi atravè yon pwosesis Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) konpetitif, pral delivre 125 kay abòdab pou tout tan ak yon sant kominotè entèjenerasyonèl ak yon klinik sante ki mezire 2,601 mètr kare (28,000 pye kare) sou yon sit ki pa itilize ase pandan plizyè deseni.

"Nouyòk ap pwouve ke lè nou itilize tè eta yo epi nou koute kominote yo, nou ka bati lojman abòdab ke katye nou yo ak eta nou an bezwen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devlopman sa a pral bay 125 kay abòdab ak yon sant kominotè ki konstwi espesyalman pou sa ki reponn dirèkteman ak sa rezidan Clinton Hill yo te mande — lojman pou yon pakèt kay ak fanmi, sèvis pou granmoun aje ak timoun, ak yon prezans swen sante nan katye a. Sa a se devlopman ki oryante pa kominote a nan pi bon fòm li, epi se egzakteman kalite investisman nou bezwen pou adrese kriz lojman nou an."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Empire State Development fyè pou l pote pwojè transfòmasyon sa a pi devan apre yon pwosesis angajman kominotè vaste ki te fòme chak aspè nan pwopozisyon sa a. Lè nou chwazi yon ekip devlopman 100 pousan san bi likratif ki gen bon repitasyon nan Brooklyn, n ap asire ke sit sa a ap sèvi kominote a

pou plizyè jenerasyon k ap vini yo. Redevlopman 1024 Fulton Street la se yon egzanp klè sou kijan envestisman leta yo ka kreye lojman abòdab, bay sèvis esansyèl, epi ranfòse katye yo."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk ap fè pwogrè nan devlopman, tankou 1024 Fulton, ki pa sèlman bay kay abòdab, men tou ki bay sèvis ak espas ki ede katye yo pwospere. Pwojè transfòmasyon sa a pral kreye 125 kay pou fanmi yo, sipòte granmoun aje ak timoun, epi asire Clinton Hill benefisye sit sa a pou jenerasyon k ap vini yo. Felisitasyon pou tout patnè kominotè yo ki te ede fè sa posib."

**Majistra vil Nouyòk, Zohran Kwame Mamdani te deklare,** "Lojman se pa yon liks — se fondasyon yon vil jis e aktif. Lè n ap goumen pou kay ki vrèman abòdab, n ap goumen pou dwa travayè yo pou yo rete nan katye yo te bati epi kenbe pandan plizyè jenerasyon. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou sipò li, epi anvè Pwokirè Jeneral James, Manm Konsèy Hudson, Senatè Brisport, Manm Asanble Souffrant Forrest, ak tout patnè eli ki te rann pwojè sa a posib. Envestisman sa a nan abòdabilite, kominote, ak sante piblik nan Brooklyn Santral se yon deklarasyon ke vil nou an kapab e li dwe delivre yon ajanda abòdabilite ki mete moun anvan pwofi, epi ki asire chak Nouyòkè gen yon kote pou yo rele lakay yo."

**Adjwen Majistra Lojman ak Planifikasyon, Leila Bozorg, te deklare,** "Bay lojman abòdab sou tè piblik se yon eleman kle nan bati yon vil ke Nouyòkè yo kapab peye. Mwen fyè wè pwojè sa a ap avanse, li bati sou gwo angajman Plan Itilizasyon Miks Atlantic Avenue (Atlantic Avenue Mixed-Use Plan, AAMUP) an, epi mwen rekonesan anvè manm kominote a ak ofisyèl eli yo ki te fè presyon pandan tout tan sa a pou fè l tounen yon reyalyte. Mwen pa ka tann pou mwe travay avèk patnè atravè Eta a ak Vil la pou nou ka bay plis lojman abòdab sou sit piblik yo nan ane k ap vini yo."

Redevlopman 1024 Fulton Street la reprezante yon envestisman plis pase 111 milyon dola e li pral devlope epi posede nèt pa yon patenarya ant òganizasyon san bi likratif Fifth Avenue Committee, Bedford Stuyvesant Restoration Corporation, ak One Brooklyn Health — yo chak gen rasin byen fon nan Brooklyn. Ekip devlopman an pral angaje APEX Building Group ak Henge Development, toulede sètifye anba pwogram Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBE) Eta Nouyòk pou bay sèvis kontra jeneral ak kapasite jesyon pwojè devlopman.

Devlopman apeprè 149,000 pye kare a pral gen ladan l:

- 125 inite lokasyon abòdab k ap sèvi fanmi ki touche ant 30 pousan ak 80 pousan nan revni medyan zòn nan, ak inite ki varye ant estidyo ak twa chanm pou akomode fanmi ki gen divès gwosè,
- Yon sant kominotè entèjenerasyonèl ki mezire 2,508 mètr kare (27,000 pye kare) ki jere pa Konsèy Fort Greene, ak pwogram pou granmoun aje ak edikasyon pou timoun piti,
- Yon klinik sante 92 mètr kare (1,000 pye kare) ki opere pa One Brooklyn Health, epi

- Karakteristik konsepsyon dirab tankou sètifikasyon Kay Pasif, sistèm ki totalman elektrik, ak yon twati vèt.

Pwopozisyon yo chwazi a reponn ak fidbak yo te rasanble atravè yon pwosesis vizyon kominotè vaste ki te fèt soti otòn rive ivè 2024-2025. Empire State Development, an kolaborasyon avèk ofisyèl eli lokal yo, te òganize yon seri atelye kominotè kote plis pase 150 rezidan te patisipe. Yo te pran prensipal rezilta atelye yo nan yon Rapò Vizyon Kominotè, ki te idantifye priyorite yo tankou lojman pou Nouyòkè ki gen ti revni ak yon sant kominotè entèjenerasyonèl — toulede se eleman santral nan pwopozisyon yo te chwazi a.

Devlopman sa a espere kreye apeprè 350 djòb nan domèn konstriksyon an epi jenere opòtinite enpòtan pou MWBE yo. Ekip devlopman an angaje l pou depase 35 pousan itilizasyon MWBE nan konstriksyon, avèk 30 pousan anbochaj lokal nan tout faz devlopman yo.

Pou sipòte redevlopman, Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta Nouyòk la pral fasilite demolisyon estrikti ki egziste deja a, ki te vid depi lontan. Pwojè yo pwopoze a pral sibi revizyon ak kòmantè piblik anvan konsiderasyon final li dapre yon Plan Jeneral Pwojè ESD.

**Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare,** "Nouvo devlopman sa a nan 1024 Fulton Street se realizasyon yon rèv katye ki te dwe fèt depi lontan. Avèk inite ki 100 pousan abòdab, yon klinik sante, ak yon espas dedye pou kominote a, pwojè sa a pral benefisye tout moun Brooklyn, espesyalman granmoun aje nou yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Empire State Development, Fort Greene Council, ak kòlèg mwen yo pou angajman yo pou enkli kominote a epi rann pwojè sa a posib."

**Manm Konsèy Vil Nouyòk Crystal Hudson, te deklare,** "Ane pase, Konsèy Vil la te adopte Plan Itilizasyon Miks Atlantic Avenue (Atlantic Avenue Mixed Use Plan, AAMUP) an — yon rezonaj dirije pa kominote a ki te pwomèt lojman abòdab pou tout tan nan sant Brooklyn. Epi mwen fyè de travay nou te fè pou enkli redevlopman 1024 Fulton Street kòm yon pati nan AAMUP, nou kenbe pwomès sa a ak plis pase san inite lojman 100% abòdab pou fanmi ki touche ant 30% ak 80% nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan (43,740 dola a 116,640 dola pou fanmi ki gen twa moun). Mwen fyè dèske mwen te asosye avèk Empire State Development sou yon pwosesis ki te santre vwa kominote a epi ki te garanti san pousan pwopriyete òganizasyon san bi likratif. Lè pwojè sa a asosye lojman abòdab anpil ak yon sant kominotè ke Konsèy Fort Greene a jere ak yon klinik sante ke One Brooklyn Health jere, li montre kijan sa ye pou investi nan abòdabilite alontèm ak byennèt katye a."

**Direktè Egzekitif Fifth Avenue Committee, Michelle de la Uz, te deklare,** "1024 Fulton Street reprezante sa ki posib lè vizyon kominotè a, lidèchip piblik la, ak patnè ki gen yon misyon reyini ansanm. An kolaborasyon avèk patnè òganizasyon san bi likratif nou yo ak patnè MWBE yo, Komite Fifth Avenue ap transfòme yon sit ki te abandone depi lontan an plis pase 125 kay abòdab ak yon sant pou sèvis esansyèl ki pral sipòte

fanmi yo, granmoun aje yo ak travayè yo pandan plizyè jenerasyon. Gras a lidèchip Gouvènè Kathy Hochul ak defans san fay li nan zòn nan, 1024 Fulton Street pral rete yon envestisman dirab nan ekite, opòtinite, sante, ak kominote a."

**Prezidan ak Direktè Egkitif Jeneral Bedford Stuyvesant Restoration, Blondel Pinnock, te deklare,** "Nou eksite anpil pou nou kolabore ak lòt devlopè ak òganizasyon san bi likratif ki gen misyon pou redevlope yon byen kominotè ki pa itilize ase. 1024 Fulton Street pral ede diminye diferans richès la grasa kreyasyon opòtinite lojman pou plis pase 125 fanmi."

**PDG One Brooklyn Health, Doktè Sandra Scott, te deklare,** "OBH kontan sèvi kòm yon patnè devlopman pou pwojè lojman abòdab enpòtan sa a. Nou anvi bay plis resous swen sante pou rezidan nouvo ak rezidan ki deja egziste nan kominote a."

**Direktè Egzekitif Jeneral Apex Building Group, Lee Brathwaite, te deklare,** "Nou rekonesan anvè lidèchip Gouvènè Hochul nan itilizasyon tout zouti ki nan dispozisyon Eta Nouyòk la pou pote nouvo lojman abòdab nan Brooklyn. Apex kontan pou sipòte yon kokennchenn ekip òganizasyon devlopman kominotè, lojman ak swen sante ki dirije pa BIPOC nan reyalize vizyon anbisyè 1024 Fulton Street la. Pwojè sa a pral sèvi kòm yon modèl pou kijan nou ka debloke potansyèl pwopriyete vid yo pou nou konbat kriz lojman nou an tout pandan n ap bay espas kominotè dènye kri pou swen sante, gadri, ak pou granmoun aje nan kominote a."

**Direktè Henge Development Ayanna Oliver-Taylor te deklare,** "1024 Fulton Street se yon byen kominotè ki santre sou sante, byennèt ak establite ekonomik pou moun ak enstitisyon ki te fòme Clinton Hill ak Bed-Stuy pandan plizyè jenerasyon. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou angajman yo anvè katye sa a, epi nou fyè pou ede avanse yon pwojè ki dirije pa Fifth Avenue Committee, Bedford Stuyvesant Restoration Corporation, One Brooklyn Health, ak Fort Greene Council, ki bati otou kominote sa a epi ki fè pati kominote sa a."

**Direktris Egzekitif ak PDG Fort Greene Council, Inc., Claudette Macey, te deklare,** "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li nan revitalize pwopriyete leta a ki te vid depi lontan, ki nan 1024 Fulton Street nan Brooklyn. Sit sa a, ki pa itilize depi 1997, pare kounye a pou l vin yon devlopman ki santre sou kominote a ki anrasinen nan vizyon ak angajman Gouvènè a. Nou pa ka tann pou nou kòmanse travay di epi bay lojman abòdab, pwogram pou granmoun aje ak timoun."

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Depi ane fiskal 23 a, Gouvènè a te travay pou ogmante rezèv lojman atravè prèske 4 milya dola nan envestisman sibler, yon Plan Lojman konplè, li te aplike nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyete kay epi li te garanti yon fon kapital 500 milyon dola pou devlope jiska 15,000 nouvo kay sou pwopriyete leta.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Kounye a, plis pase 400 kominote te resevwa sètifikasyon an Favè Lojman, enkli Vil Nouyòk.

Bidjè Ane Fiskal 2027 Adopte konplete Plan Lojman senkan, 25 milya dola Gouvènè a pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 77,000 kay jiska dat. Bidjè Egzekitif la envesti tou 250 milyon dola pou akselere konstriksyon lojman abòdab pou akselere konstriksyon plizyè milye lòt kay abòdab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)